
POU: Komite Lekòl la
DE: Nathan Kuder, Direktè Finansye
DAT: 21 Me 2021
RE: Deklarasyon Enterè Otorite Bilding Lekòl Massachusetts ak Rekonfigirasyon Klas Lekòl Carter

An kolaborasyon avèk Depatman Fasilite Piblik Vil Boston an, Lekòl Piblik Boston, te prepare atik sou ajanda a pou vòt Komite Lekòl Boston la.

1. Soumisyon pwojè Deklarasyon Enterè MSBA 2021 pou Pwojè Reparasyon Akselere (ARP)
2. Soumisyon pwojè Deklarasyon Enterè MSBA 2021 pou pwojè Core
3. Rekonfigirasyon Klas Lekòl Carter

Pwogram Reparasyon Akselere (ARP)

Pwojè ARP yo adrese reparasyon oswa ranplasman do kay, fenèt/pòt, ak chodyè nan yon fasilite ki otreman an fòm striktirèlman. Egzijans MSBA yo pou soumisyon pwojè se pou chodyè yo ak fenèt yo genyen omwens 35 lane, epi do kay yo minimòm 30 lane. Bilding sa yo tonbe anba direktiv yo pou ARP. Jiska prezan, BPS ak PFD te fè patenarya avèk MSBA pou fè 27 pwojè. Aktyèlman genyen twa pwojè an konstriksyon ak yon lòt de ki nan etaj kòmansman konsepsyon.

Pwojè Chodyè

- Russell Elementary nan Dorchester
- Henderson Upper (Bilding Wilson) nan Dorchester

Pwojè Fenèt ak Pòt

- Hernandez K8* nan Jamaica Plain
- Boston Day & Evening Academy (Bilding Wheatley)* nan Roxbury

*yo te soumèt sa a nan MSBA 2020

Pwogram Core

Pwojè yo adrese reparasyon ekstansif, renovasyon, ògmantasyon/renovasyon, ak konstriksyon nouvo lekòl.

Pwojè Core a an aliyman ak planifikasyon BuildBPS pou bati yon nouvo bilding inovatif pou satisfè bezwen pwogramatik Lekòl Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing. Aktyèlman lekòl sa a loje nan Bilding Jackson Mann nan ki Allston ki te idantifye pou li fèmen nan fen AS21-22.

Chak ane distri yo oblije soumèt youn pwojè kòm priyorite yo. Ane sa a, BPS te endike Lekòl Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing ap priyorite a pou 2021.

Otorizasyon ak Apwobasyon

Tout Deklarasyon Enterè MSBA yo oblije prezante devan toulede Konsèy Minisipal la ak Komite Lekòl Boston an pou yo vote sou yo.



Komite Vwa ak Mwayen Konsèy Minisipal la te fè yon seyans sou sa a vandredi 21 me 2021. Vòt la sipoze fèt mèkredi 26 me nan reyinyon chak semèn Konsèy la.

Nou te prezante Komite Lekòl Boston an pwojè pwopoze sa yo kòm yon pati nan prezantasyon Bidjè Kapital la mèkredi 12 me, ak yon vòt ki pwograme pou fèt mèkredi 26 me.

Nou pral founi tout vòt ak dokimantasyon nan aktivite sa yo kòm yon pati nan soumisyon devan MSBA a.

Vòt N ap Mande pou Pwojè ki gen Rapò ak MSBA:

Vòt Pwojè Reparasyon Akselere MSBA

Kòm li te konvoke yon reyinyon ouvèt nan jou, oswa avan jou 1e jen 2021, Komite Lekòl Vil Boston an konfòme ak konstitisyon li, règ li yo, ak òdonans li yo, te vote pou otorize Sipèntendant lan soumèt devan Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la fòmilè Deklarasyon Enterè swivi yo ki date nan jou, oswa avan jou 1e jen 2021, pou lekòl sa yo:

Lekòl	Adrès	Vil	Eta	Gam
Russell, William E.	750 Columbia Road	Dorchester	MA	Chodyè
Henderson Upper (Bilding Wilson)	18 Croftland Avenue	Dorchester	MA	Chodyè
Hernandez, Rafael	61 School Street	Jamaica Plain	MA	Fenèt & Pòt
Boston Day & Evening Academy (Bilding Wheatley)	20 Kearsarge Avenue	Roxbury	MA	Fenèt & Pòt

Deklarasyon Enterè a pou fasilite ki sou lis an wo a dekri ak eksplike defisyans chodyè, fenèt, ak pòt ki te soumèt anba Pwiyorite #5 ki genyen ladan li: ranplasman, renovasyon oswa modènizasyon sistèm fasilite lekòl, tankou do kay, fenèt, chodyè, sistèm chofaj ak vantilasyon, pou ògmante konsèvasyon enèji ak diminye pri ki asosye ak enèji nan yon fasilite lekòl.

An plis de sa Komite Lekòl la rekonèt spesifikman ke nan soumèt fòmilè Deklarasyon Enterè yo, MSBA a pa bay okèn garanti ke y ap aksepte oswa apwouve yon demann, bay yon sibvansyon oswa kèlkeswa lòt angajman finansman nan men Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la, oswa angaje Vil Boston an pou depoze yon demann pou finansman avèk Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la.

Vòt Pwojè Core MSBA

Kòm yo te konvoke yon reyinyon ouvèt avan 25 jen 2021 Komite Lekòl Vil Boston an, konfòme ak konstitisyon li, règ li yo, ak òdonans li yo, te vote pou otorize Sipèntendant lan soumèt devan Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la fòmilè Deklarasyon Enterè swivi yo ki date nan jou, oswa avan jou 25 jen 2021 pou Lekòl Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing, ki sitye nan 40 Armington Street, Boston, MA.



Deklarasyon Enterè a pou fasilite ki sou lis an wo a dekri ak eksplike defisyans chodyè, fenèt, ak pòt ki te soumèt anba Priyorite #5 ki genyen ladan li: ranplasman, renovasyon oswa modènizasyon sistèm fasilite lekòl, tankou do kay, fenèt, chodyè, sistèm chofaj ak vantilasyon, pou ògmante konsèvasyon enèji ak diminye pri ki asosye ak enèji nan yon fasilite lekòl; ak Priyorite # 7 Ranplasman oswa adisyon nan bilding ki demode pou founi yon gam konplè de pwogram ki konsistan ak egzijans apwouve nan nivo eta a ak lokal la.

Pa prezant lan Komite Lekòl la rekonèt spesifikman ke nan soumèt fòmilè Deklarasyon Enterè yo, MSBA a pa bay okèn garanti ke y ap aksepte oswa apwouve yon demann, bay yon sibvansyon oswa kèlkeswa lòt angajman finansman nan men Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la, oswa angaje Vil Boston an pou depoze yon demann pou finansman avèk Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la.

Rekonfigirasyon Klas nan Lekòl Carter

Kòm debaz, Lekòl Carter an nan faz konsepsyon yon pwojè fondamantal avèk MSBA a. Lekòl Carter a bay sèvis edikatif pou elèv nan kominote Lekòl Piblik Boston an ki genyen gwo andikap koyitif, kominikatif, ak fizik ki nan ane 7 a 12. Pwogram edikatif ki te apwouve pa MSBA a ak nouvo konsepsyon bilding lan pral bay yon chimen inifye pou elèv nan ane Pre K-12 an aliyman ak pè Lekòl Jounen Piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Primè ak Segondè a.

Ekspansyon sa a ki planifye a pral pèmèt Lekòl Piblik Boston pi byen sèvi elèv yo nan aplike yon kourikoulòm ki apwopriye devlopmantralman atravè yon apwòch ekip edikatif entèdisiplinè ki konsistan. Ekip edikatif la pral konsantre sou ògmante kapasite chak elèv pou kominike kòm yon mwayen pou yo aksede kourikoulòm edikatif yo pandan li vize jalon devlopmantral ki kritik pou devlopman kominikatif. Nou pral bati sou travay pami timoun piti sa a pandan elèv nou yo pwogrese atravè pwogram nan, epi tranzisyon nan yon konsantrasyon sou konpetans fonksyonèl pou pi byen soutni reyisit ak sikse lakay, nan kominote ak, ak sèvis pou granmoun.

Idantifikasyon ak imèsyon bonè nan yon anviwònman kominikasyon ògmantatif nan tout lekòl la ki rich pral pèmèt elèv ki pi jèn yo akselere aprantisaj yo atravè modelizasyon sistèm kominikatif pa kolèg ki pi gran yo, ak imèsyon bonè nan anviwònman sa a pral mennen nan pi gwo pwogrè akademik, kòm sistèm kominikatif elèv nou se yon konpetans aksè kritik pou yo aksede kourikoulòm lan epi evalye aprantisaj.

Vòt Rekonfigirasyon Klas Lekòl Carter

KOMANDE: Konfòme avèk pwogram ak konsepsyon edikatif nan pwojè Core MSBA a, pa prezant lan Komite Lekòl Boston an apwouve pwopozisyon an pou elaji pou sèvi elèv nan ane Pre-K a 12 (laj 3 a 22 zan) kòmanse otòn ane skolè 2024-2025 lan.

An konklizyon, nan non ekip mwen an, mwen remèsye nou pou vòt nou sou twa pwojè enpòtan sa yo.

